**Qaraqalpaqstan Respublikası Joqarǵı Keńesi janındaǵı «Mámleketlik emes kommerciyalıq emes shólkemler hám puqaralıq jámiyetiniń basqa da institutların qollap-quwatlaw» jámiyetlik fondınıń «Jaslar hám biznesti qollap-quwatlaw» jılı mámleketlik baǵdarlamasın orınlawda №QR-01/11-2024-sanlı «Biz - doslıqtı jırlaymız!» Mámleketlik grantı boyınsha sekciyası**

# МИЛЛЕТЛЕР АРАЛЫҚ ТАТЫЎЛЫҚ ХӘМ КЕҢ ПЕЙИЛЛИК – РАЎАЖЛАНЫЎ КЕПИЛИ

**К.Б.Юсупов** – *философия илимлери бойынша философия докторы (PhD)*
*Өзбекстан мәмлекетлик көркем өнер ҳәм мәдeният институты Нөкис филиалы*

**Таяныш сөзлер:** миллетлер ҳәм конфессиялар аралық татыўлық, глобалласыў процеси, тынышлықтың қәдири, диний кеңпейиллик.

**Ключевые слова:** межнациональное согласие, процесс глобализации, ценность мира, религиозная толерантность.

**Key words:** interethnic and religious harmony, the process of globalization, the value of peace, religious tolerance.

Бүгинги глобалласыў дәўиринде миллетлер аралық татыўлық ҳәм кеңпейиллик түсиниклери тек ғана социаллық турақлылық емес, ал экономикалық ҳәм мәдений раўажланыўдың әҳмийетли факторына айланбақта. Өзбекстан Республикасы Президенти Шавкат Мирзиёевтиң сөзлери де бул идеяның қаншелли әҳмийетли екенин және бир мәрте тастыйықлайды: «Бизиң әййемги ҳәм сақаўатлы жеримизде көп әсирлер даўамында түрли миллет ҳәм халық, мәдeният ҳәм дин ўәкиллери тыныш-татыў жасап келген. Миймандослық, жақсылық, кеўил сақаўаты ҳәм шын мәнисиндеги кеңпейиллик бизиң халқымызға бәрқулла тән болған ҳәм оның менталитетиниң тийкарын қурайды».

Глобалласыў процеси турмысымызға тез пәт пенен кирип келиўиниң тийкарғы факторы ҳәм себеби ҳаққында сөз болғанда буны объектив тән алыў керек - бүгинги күнде ҳәр қайсы мәмлекеттиң раўажланыўында тек ғана жақын яки узақ қоңсылар, бәлки дүньядағы басқа аймақлар менен сондай тығыз байланысып барыўы қайсы бир мәмлекеттиң бул процесстен шетте турыўы унамлы нәтийжелерге алып келиўи мүмкин емес. Ҳәр бир раўажланыўдың унамлы ҳәм унамсыз тәрепи болғанындай глобалласыў процесиде буннан тысқарыда емес. Әсиресе мәмлекетлер ҳәм халықлар ортасындағы интеграция ҳәм бирге ислесиў, байланыслардың күшейип барыўы шет елли инвестициялар капитал ҳәм товарлар жумысшы күшиниң еркин ҳәрекети ушын имканиятлардың болыўы көплеп жумыс орынларының жаратылыўы заманагөй коммуникация мәлимлеме хабар технологияларының илим-пән жетискенлик-лери тезлик пенен тарқалыўы, түрли қәдириятлардың улыўма инсаныйлық негизинде үйлесиўи цивилизациялар аралық байланыстың жаңаша көриниси, экологиялық апатшылық ўақтында өз ара жәрдем көрсетиў имканиятларының артыўы – тәбийий, булар-дың барлығы глобалласыў себепли болмақта. [1.111-112]

Мәмлекетимизде ҳүким сүрип атырған миллетлер ҳәм конфессиялар ара татыўлық өз-өзинен болып атырған ҳәдийсе емес, бул мәмлекетимиз тәрепинен алып барылып атырған туўры сиясаттың жемиси болып есапланады.

Баўрыкеңлик ҳәм инсанпәрўарлық мәдениятын раўажландырыў миллетлер ҳәм конфессиялар аралық бирликти, жәмийетте пуқаралар арасындағы татыўлықты, бәрше пуқараларға миллети ҳәм диний көзқарасларына қарамастан тең ҳуқық ҳәм имканиятлар жаратыў, жас әўладты ўатан пәрўарлық, миллий улыўма инсаныйлық қәдириятларға ҳүрмет, Ўатанға муҳаббат ҳәм садықлық руўхында тәрбиялаў Өзбекстанда мәмлекет сиясатының тийкарғы әҳмийетли бағдарларынан бири етип белгиленген.

Инсан ҳәм оның өмири тийкарғы қәдирият есапланады. Инсан еркинлиги оның қәдир-қымбаты жәмийеттиң жоқарғы қәдирияты болып конституциямызда мәмлекетимиздиң бәрше пуқаралары бирдей ҳуқық ҳәм еркинликлерге ийе болып, келип

шығыўы, миллети, дини, тили, исеними, шахсы, социаллық жағдайына қарамастан нызам алдында тең деп көрсетилген. Басқа миллет ўәкиллерине ҳүрмет-иззет пенен мүнәсибетте болыў халқымыздың миллий руўхының жоқарғы пазыйлети есапланады. Ғәрезсизлик жыллары ўатанымызда жасаўшы түрли халыққлар ортасында өз ара ҳүрмет тең ҳуқықлылық, бирликти беккемлеўге оның нызамлы тийкарын ислеп шығыўға айрықша итибар қаратылды. [2.12-14] Бул принциплер Өзбекстан Республикасы конституциясында ҳәм барлық нызамларда белгилеп қойылды.

Инсанията ушын ең үлкен байлық тынышлық болып буның тийкары өз ара аўызбиршилик есапланады. Өз ара татыўлық ҳәм дослық баўрыкеңлик инсанпәрўарлық принциплери турақлы болғанда инсан еркин жасайды, арзыў-әрманларына жетиседи. Усы тәрептен қарағанда бизиң ең үлкен байлығымыз, ең тийкарғы жеңисимиз Журтбасшымыз атап өткениндей ең әўеле Ўатанымыз аспанының ашықлығы, миллетлер ҳәм пуқаралар арасындағы өз ара татыўлықтың ҳәм дослықтың беккемлигинен дерек береди. Бул жемислердиң қәдирине жетиў, түрли миллет ҳәм елат ўәкиллери бир шаңарақ перзентлериндей татыў дослықта жасап Ўатанымызды көз қарашығындай асырап-абайлаў ким екенлигимизге қарамастан муқаддес ўазыйпамыз есапланады. Бүгинги күнде қоңсылас мәмлекетлер менен қәўип-қәтерди сапластырыўда, раўажланыўға қаратылған мақсетти бирлестириў бүгинги дәўир талабы болып, шегаралас мәмлекетлер менен дослық қанша беккем болса мәмлекет раўажланыўы да сонша пуқта болары сөзсиз.

Миллетлер аралық дослық байланысларын раўажландырыў ҳаққында Президентимиздиң Олий Мажлиске мүрәжәәтнамасында да келтирип өтип, Президентимиз тәрепинен көтерилген мәселелер арасында аймағымызда жасап киятырған көп миллетли халқымыздың әзелий дослық мүнәсибетлерин еле де беккемлеўге қаратылған басламалары, усы тараўда мәмлекет басшысы алып барып атырған туўры сиясаттың үлгиси екенлигинен дерек береди. Мүрәжәәтнамада 30-июль Дослық күни мүнәсибети менен Дослық ҳәптелигин шөлкемлестириў ҳәптелик шеңберинде Дослық халықаралық форумы фестивалларын шөлкемлестириў усынысы илгери сүрилди. Сондай-ақ, Халықлар дослығы көкирек нышанын енгизиў ҳаққындағы усынысы қоллап қуўатланды. Бул сәнени Өзбекстанда Халыққлар дослығы күни деп белгилеў бойынша усыныс Өзбекстан Республикасы Сенаты ағзалары тәрепинен мақулланып, Халықлар дослығы күнин белгилеў ҳаққындағы Нызамға Президент қол қойып, сол күннен баслап юридикалық күшке ийе болды. Бул күнди Байрам сыпатында белгилеў ҳаққындағы Пәрманға Президент тәрепинен қол қойылып тастыйықланды. Бул күн рәсмий рәўиште ҳәр жылы белгиленип келинбекте. Халықлар дослығы мәмлекеттиң тийкарғы байлығы есапланады. Мәмлекетимиз раўажланыўына пидайылық пенен үлес қосып киятырған түрли миллет ўәкиллериниң орны үлкен, Президентимиз тәрепинен көтерилген актуаль мәселелер қатарында жәмийетимизде миллетлер аралық татыўлық, диний баўрыкеңликти тәмийинлеў ўазыйпасына айрықша итибар қаратылып, бул бағдарда көлемли ўазыйпалар белгиленди.

Мәмлекетимизде жасап киятырған түрли миллет ўәкиллери Өзбекстан улыўма үйимиз ураны астында жасап бирлесип той-тамашалар, байрам илажларын биргеликте белгилеп келмекте. Ең тийкарғысы Өзбекстан Республикасында миллети, дини, тили, үрп-әдет дәстүрине, мәдениятына қарамастан олар өзлигин сақлап қалыўы ушын барлық шәраятлар жаратылған.

Дослық узақ-жақын аралықлар таңламайды, тил, дин яки раса менен шегараланбайды. Ол тек ғана инсанларды емес, ал халықларды ҳәм мәмлекетлерди де өз ара ҳүрмет, исеним тийкарында бирлестиреди. Соның ушын бир қатар халықаралық структуралар, соның ишинде, БМШ жумысының түпкиликли тийкарында халықлар арасындағы дослықты беккемлеў мақсети жәмленген.

Шөлкем тәрепинен қабыл етилген бир қатар қарарлар, соның ишинде, 2011-жылы БМШ Бас Ассамблеясының 65-сессиясында тастыйықланған халықаралық дослық күни ҳаққындағы резолюция усы мақсетлерге хызмет етеди. Резолюцияда инсанлар, халықлар, мәмлекетлер - улыўма алғанда жәмийеттиң түрли қатламлары ҳәм структуралары арасындағы дослықтың, бирге ислесиўдиң әҳмийети айрықша атап өтилген.

«Халықлар, мәмлекетлер, мәдениятлар ҳәм инсанлар арасындағы дослық тынышлықты тәмийинлеўге байланыслы ҳәрекетлерге илҳамландырыўы мүмкин ҳәм мәдений ҳәр түрлиликти ҳүрметететуғын жәмийетлер арасында көпирлер орнатыў имканиятын береди»-делинеди усы ҳүжжетте.

Әзел-әзелден ата-бабаларымыздың үгит-нәсиятларында, мақал ҳәм гүрриңлеринде, сондай-ақ, шайыр ҳәм данышпанларымыздың шығармаларында дослық сезими уллыланған, егер айтыў керек болса, бундай көзқарас әсирлер даўамында қан-қанымызға сиңип кеткен. Бир сөз бенен айтқанда, халқымыз әзелден қәдирлеген дослық - мақсетлерди бирлестиретуғын, тынышлықты тәмийин-лейтуғын байланыс. Халықаралық дослық күниниң кең көлемде белгилениўи бул байланысты және де беккемлеўге хызмет етеди.

**Пайдаланылған әдебиятлар**


1. Өзбекстан Республикасы Президенти Мүрәжәәтнамасы 2020 ж.
2. И.А.Каримов. Юксак маънавият енгилмас куч. Т. 2009 й.
3. М.Куронов. Дунёнинг мафкуравий манзараси Т.2 017 й.
4. https://yuz.uz/news/millatlararo-totuvlik-va-hamjihatlik--tinchligimiz-garovidir



**РЕЗЮМЕ.** Мақалада бүгинги күнде глобалласыў нәтийжесинде халқымыз турмысындағы өзгерислер, олардың унамлы ҳәм унамсыз тәреплери сөз етиледи. Республикамызда жасаўшы түрли миллет ўәкиллериниң аўызбиршилиги, дослығы ҳәм оны және де беккемлеўге қаратылған ислеп шығылған нызам-ҳүжжетлери мақсетли ислеўи, Инсаният ушын тынышлықтың қәдири ҳаққында сөз етиледи.

**РЕЗЮМЕ.** В статье рассматриваются изменения в жизни нашего народа в результате глобализации, их положительные и отрицательные стороны. Речь идет о единстве, дружбе представителей разных национальностей, проживающих в нашей республике, а также о целевом исполнении разработанных законодательных актов, направленных на его дальнейшее укрепление, о ценности мира для человечества.

**SUMMARY.** The article discusses the changes in the life of our people as a result of globalization, their positive and negative aspects. It speaks about the unity, friendship of representatives of different nationalities living in our republic and the purposeful work of the developed legislative acts aimed at its further strengthening, the value of peace for humanity.


## DO‘STLIK – TINCHLIK TUMORI


**Karamatdin Zaretdinov Qurbanbaevich** – dotsent
«Texnogen va san’atshunoslik» fakulteti dekani



**Tayanch so‘zlar:** do‘stlik, tinchlik, millatlararo totuvlik, xalqaro hamkorlik, madaniy almashuv, millatlararo do‘stlik, barqarorlik.

**Ключевые слова:** дружба, мир, межнациональная гармония, международное сотрудничество, культурный обмен, межнациональная дружба, стабильность.

**Key words:** friendship, Peace, interethnic harmony, international cooperation, cultural exchange, interethnic friendship, stability.


Ota-bobolarimiz azal azaldan qo‘shnichilik munosabatlariga e’tibor bilan qarashgan. Diorimizdan Buyuk ipak yo‘li orqali chet davlatlardan savdo karvonlari orqali turli millat vakillari kelib va yurtdoshlarimiz boshqa davlatlarda savdo sotiq bilan shug‘ullanishgan. Respublikamizda bir qancha millatlar Mustaqillikning dastlabki yillaridan boshlab bag‘rikenglik va insonparvarlik madaniyatini rivojlantirish, millatlararo va konfessiyalararo hamjihatlikni, jamiyatda fuqarolar totuvligini mustahkamlash, barcha fuqarolarga millati va diniy e’tiqodidan qat’i nazar, teng huquq va imkoniyatlar yaratish, yosh avlodni vatanparvarlik, milliy va umuminsoniy qadriyatlarga hurmat, Vatanga muhabbat va sadoqat ruhida tarbiyalash O‘zbekistonda davlat siyosatining muhim ustuvor yo‘nalishlaridan biri etib belgilandi.

Bugungi kunda respublikamizda faol «xalq diplomatiyasi» asosida chet eldagi vatandoshlarimiz bilan muntazam va o‘zaro foydali munosabatlarni yo‘lga qo‘yish, xorijiy mamlakatlar bilan do‘stona munosabatlarni va madaniy-ma’rifiy aloqalarni mustahkamlash orqali o‘z faoliyatini O‘zbekistonda yashab kelayotgan barcha millat va etnik diasporalarning tarixi, madaniyati, ma’naviy qadriyatlari, milliy